



Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH)

Membre de la
fidh

*Zak sasinay, Kadejak, piyaj ak dife nan komin Kafou ak Gresye anba je
aktyèl zotobre nan Leta*

15 août 2024

1. Depi plizyè mwa, je popilasyon ayisyèn nan brake sou komin Kafou ak komin Gresye ki pa sispann viktим zak vyolans anba men bandi ak zam. Sitiyasyon sila, koumanse depi 2021 epi vin pi mal nan lane 2023 ak 2024, sa ki genyen anpil move konsekans sou lavi moun k ap viv nan komin sa yo ak tou lòt moun k ap viv nan rès depatman ki nan gran Sid peyi a.
2. Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH) te founi je gade epi kontinye ap swiv zak vyolans yo ki pa sispann miltiplier nan 2 komin sa yo. RNDDH ap pwofite pataje enfòmasyon li te rive jwenn sou sa k ap pase yo.
3. Sòti janvye pou rive jiyè 2024, anpil atak fèt nan zòn sa yo. Anpil moun mouri ak plizyè lòt moun fanmi yo pa janm gen nouvèl yo. Daprè enfòmasyon viktим, pwòch viktим, laprès ak vizit tèren, RNDDH te rive resanse 66 moun ki mouri. Pami yo gen 4 polisye, 15 fanm, yon tifi ak 12 ladan yo ki gen pou pi piti 60 lane.
4. Gen Plizyè dizèn fanm ak tifi ki sibi zak kadejak anba men plizyè malfra. RNDDH te rive jwenn tras 46 ladan yo pam yo 3 tifi. Anpil ladan yo sibi kadejak lakay yo epi kouri kite lakay yo apre bandi fin touye yon paran devan je yo. Yon lòt bò, gen anpil lòt bandi pran lakay yo epi mennen yo nan kèk espas kote yo tou jwenn gason toutouni epi byen bande ap tann fanm pou fè kadejak. Pandan zak sa yo, bandi yo te pwofite poze yo kesyon, joure yo epi bat yo. Plizyè dizèn lòt moun blese ak bal, ak kouto, machèt ouswa ki blese pandan y ap kouri.
5. Gen plizyè santèn kay bandi vòlè sa ki ladan yo, boule yo oubyen pran yo pou rete ladan yo. Mèt kay yo ouswa moun ki rete ladan yo di yo pèdi tout sa yo posede. Anplis, gen anpil machandiz bandi vòlè ouswa ki gate. Gen 200 Madan Sara pou pi piti ki pèdi lajan yo nan atak sa yo nan evenman sila yo. Bandi detounen anpil machandiz epi vòlè yo. Anplis gen lòt machandiz ki detwi nan atak Gresye a.
6. Soti Pòtay Lewogàn pou rive Gresye, bandi mete 12 pòs peyaj epi yo mete sistèm pou fè reset chak jou nan mache yo tankou mache akachon 32, Dekatis, Dèyè pòs, Dorismon, Mache Kafou ak Sous Kowosòl.
7. Enstitisyon leta yo tankou tribinal depè ak pòs polis nan tou 2 komin yo, lameri ak biwo pwoteksyon sivil Gresye pa t epanye anba vyolans bandi yo.

8. Bandi yo mete inifòm lapolis, y ap flannen ak zam nan machin ak moto ki gen siren lajounen kou lannwit. Epi yo egzije kèk moun pou peye lajan pou kay yo ouswa pou biznis yo.

9. Plizyè entèvansyon fêt nan tou 2 komin sa yo men yo pa janm ka bay bon rezulta. Nan pi wo nivo nan Leta, 9 zotobre ki nan konsèy prezidansyèl tranzisyon an, Garry Conille ak rès manm gouvènman yo kontante yo sèlman ap denonse atak ki fêt yo epi pwomèt pou pran mezi pou mete lòd ak sekirite.

10. Fòk nou di tou, administrasyon k ap dirije kounya fè kwè sekirite se priyorite yo. Poutan yo pran yon bon pati nan polisye yo pou ba yo sekirite ak fanmi yo. Anplis, yo debloke plizyè milyon dola ameriken pou achte lòt machin alòske lapolis la bezwen pi piti 300.000 dola ameriken pou ranje machin ak blende ki anpàn yo.

11. Polisye Kenyan yo ki nan misyon miltinasyonal pou apiye sekirite a (MMAS) rantre nan peyi Dayiti depi 25 jen 2024, yo pa fè anyen pou ede popilasyon ki kontinye ap viktim anba men bandi yo. Poutan yo gen misyon pou ede tabli sekirite ak lapè nan peyi a sitou nan depatman Lwès ak Latibonit ki plis touche nan fenomèn gang lan.

12. PNH la, CPT a, CSPN nan ak MMAS la, kwaze ponyèt yo epi bandi kontinye ap taye banda epi kontinye pran plis teritwa. Egzanp : pandan n ap konte viktim nan Kafou ak Gresye, komin Kabarè, Akayè, Gantye ak Fonparizyen tonbe anba zak vyolans bandi tou.

13. Popilasyon an kontinye ap viktim vyolans kote dwa fondamantal pou viv, pou gen sekirite, entegrite fizik, entegrite psichik, pwopriyete prive ak libète pou sikile san pwoblèm pa respekte.

14. Se nan sans sa, RNDDH mande otorite nan Leta pou sètifye epi bay PNH la bon jan mwayen pou kwape bandi k ap simen latwoublay nan Kafou ak Gresye ; reprann kontwòl tout enstisyon lapolis ak lajistis nan tou 2 komin sa yo ; fouke bandi epi mete aksyon piblik dèyè yo ; Jije epi kondane tout bandi ki gen men yo tranpe nan atak ki fêt Kafou ak Gresye ; Bay viktim yo asistans finansyè ak sikolojik ; travay pou tabli lapè ak sekirite pou pèmèt fanmi deplase yo tounen lakay yo. Boutofen, sispann gaspiye tirès resous ki rete nan Leta.